

**MBANDHINGAKE LEGENDHA RORO MENDUT PRANACITRA LAN LEGENDHA JAYAPRANA
LAYONSARI
(TINTINGAN SASTRA BANDHINGAN)**

Erlina Intan Nurochma

Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Pembimbing

Prof. Dr. Darni, M.Hum

Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Legendha minangka bageyan saka crita rakyat sing awujud *folklor* sastra lisan sing dicritakake saka mulut ke mulut. Nanging amarga anane perkembangan jaman, crita rakyat sing awujud legendha saiki bisa didadekake sastra tulis bentuk buku utawa majalah. Tekan akehe legendha nusantara, ana saperangan legendha sing isi lan akiran critane akeh sing saemper. Salah sijine legendha Jayaprana Layonsari saka Bali lan legendha Roro Mendut saka Jawa Tengah. Rong legendha kasebut sing paling onjo yaiku alur, latar lan wewatakane paraga. Ancas panliten iki yaiku supaya bisa mahami lan mangerteni alur, latar, lan wewatakane paraga sajrone legendha Roro Mendut Pranacitra lan legendha Jayaprana Layonsari. Panliten iki migunakake tintingan sastra bandingan.

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe deskriptif analisis komperatif. Metodhe iki dilakokake kanthi cara ngejlenterhake fakta-fakta sing disusun karo analisis, banjur diidentifikasi lan dibandhingake. Sumber dhata lan dhata sajrone panliten iki yaiku buku crita legendha anggitané Ineanrah Hs kanthi irah-irahan Roro Mendut lan buku cerita legendha anggitané Atisah kanthi irah-irahan Jayaprana. Teknik ngumpulake dhata lan analisis dhata dilakokake kanthi cara nemtokake dhata, nyatet, identifikasi, maca kutipan, lan verifikasi.

Asil panliten iki yaiku bisa mahami lan mangerteni (1) kepriye bedane alur wiwitane crita, tuwuhe crita, konflik wiwit ngrembaka, klimaks, lan penyelesaiane sajrone legendha Roro Mendut Pranacitra, lan legendha Jayaprana Layonsari, (2) kepriye bedane latar panggonan, wektu, lan swasana sajrone legendha Roro Mendut Pranacitra, lan legendha Jayaprana Layonsari, (3) kepriye bedane wewatakane saben paraga wiwit paraga utama sing protagonis, antagonis, kanthi wewatakane paraga pambiyantu sing ana ing sajrone legendha Roro Mendut Pranacitra, lan legendha Jayaprana Layonsari. Saka asil panliten iki bisa bisa didudut yen anane pambandhingan ngenani unsur intrinsik sing paling onjo saka rong legendha kasebut. Saliyane kuwi uga bisa mahami lan mangerteni apa wae babagan kang padha wiwit alur, latar, lan wewatakane saben paraga sing ana ing sajrone legendha Roro Mendut Pranacitra lan legendha Jayaprana Layonsari.

Kata Kunci: Crita rakyat, legenda, sastra bandingan.

PURWAKA

Karya sastra nduweni tujuan tartemtu sing bisa dijlentrehake para panyerat marang pamacane. Kajaba legendha sing dicritakake uga migunakake basa sing gampang dimangerteni. Salah sawijining tujuwane yaiku supaya bisa ngandharake sakabehe nilai-nilai lan saperangan pesen-pesen moral, uga konflik kepentingan sing nduweni nilai kang becik lan ala sajrone legendha kasebut. Saka nilai-nilai kuwi sing mengko bisa dienggo suri tauladan kanggo para masyarakat lan pamaca sing wis mitayani anane. Sajrone karya sastra uga ngandhut ekspresi, lan gagasan-gagasan kang tartemtu sing dibacutake kanggo pangaca panguripane kaluwarga, kelompok, ugi masyarakat sing ana ing jaman semunu.

Laire karya sastra ora bisa dipisahna karo panggonane karya sastra sing sadurunge wis ndhisiki nyerap dening para sastrawan. Wiwit mulane diciptakake karya sastra, sastrawane kedah nyawang, ngresapi, lan nyerap sajrone teks-teks liya supaya bisa narik kawigaten, simpati kang sadar lan ora sadar.

Miturut Sapardi Djoko Damono (2005:8), sastra yaiku kajaba sawijing keyakinan ngenani nilai lan norma sing wis disetujoni karo para masyarakat, sekirane sing kedaden ing masa mbiyen nalika kapangguritan ora dimasalhake amarga kalebu dadi saperangan jinis tradhisi lisan sing ana ing sajrone masyarakat dhaerahe.

Salah sijine bentuk karya sastra yaiku kalebu cerita rakyat sing minangka dadi salah sawijining tradhisi saka sastra lisan sing ana ing sajrone bidhang kasusastraan. Cita rakyat dhewe bisa dadi sebageyan kekayaan budaya lan sejarah sing diduweni Bangsa Indonesia. Umume, cita rakyat nyritakake ngenani kedadeyan prastawa ing sawijing panggonan tartamtu (asal muasale panggonan) kuwi. Cita rakyat bisa awujud dongeng, legenda, mitos, lan sapiturute. Tokoh-tokoh sajrone cita rakyat umume diwujudna kaya kewan, manungsa, lan dewa. Gunane cita rakyat dhewe kajaba gawe hiburan uga bisa nagndhut pesen moral, nilai-nilai pendhidhikan kang sing sragame.

Cita rakyat sing mulane kalebu sastra lisan bisa dadi sastra tulis amarga ana muncule anggapan yen sastra tulis nduweni nilai-nilai sing luwih dhuwur dibanding karo sastra lisan ing sajrone konteks pembangunan kapribadene bangsa Indonesia supaya luwih maju. Ditambah maneh amarga anane arus modernisasi sing mlebu gawa corak kabudayan sing enyar. Miturut Ayu Sutarto (2004) lan Daniel Dakhidae (1996) tradisi karya lisan dadi penghambate kemajuan bangsa. Mula saka kuwi, sastra lisan kudu digubah dadi sastra tulis, amarga budaya tulis mesthi identik karo kemajuan peradaban keilmuan. Cita rakyat ana saperangan macem. Tuladhane yaiku sing awujud legendha.

Legendha sing kalebu cita rakyat yaiku cita sing ana ing jaman kepungkur lan bisa dipitayani dadi ciri khas saben dhaerah amarga duweni kultur budaya sing maneka warna. Kayata legendha sing arep diteliti yaiku legedha Roro Mendhut lan legendha Jayaprana lan Layonsari. Loro legendha kasebut ana ing dhaerah sing beda, antara Jawa Tengah lan Bali. Sayange ora sebageyan cita rakyat sing sipate kontroversial amarga dianggep ora layak kanggo anak. Legendha Roro Mendhut Pranacitra lan legendha Jayaprana Layonsari dhewe melbu ana ing bageyan legendha perseorangan amarga nyritakake tokoh tertamtu sing dianggep karo empune natih ana lan bener-bener kedadeyan tenanan ana ing dhaerahe.

Sajroning praktek sastra bandhingan, miturut Hutomo (1993: 11-12) ngejlentrehake telung babagan, yaiku *afinitas*, yaiku gegayutane unsur-unsur intrinsik sajroning karya sastra. Kayata, unsur struktur, gaya, tema, mood, alur, paraga, latar, lan sapiturute sing didadekake bahan panulisan sajroning karya sastra. Banjur ana *tradhisi*, yaiku unsur sing nduweni gegayutan karo kesejahteraan pangripta karya sastra. Terakir ana *pengaruh*, istilah pengaruh sebenere ora padha karo njiplak, plagiat, amarga istilah iki syarat kanggo nada negatif.

Ana ing sajrone panliten iki sing arep digawe saka babagan ing dhuwur yaiku afinitas. Miturut Hutomo (1993: 11-12) *afinitas* yaiku keterkaitan utawa kekerabatan unsur-unsur intrinsik sajrone karya sastra,

tuladhane unsur struktur, gaya basa, tema, swasana sing ana ing sajroning karya sastra uga didadekake bahan panulisan karya sastra.

Mula saka kuwi sajrone panulisan iki arep mbandhingake ngenani cita rakyat sing wis melegendha ing dhaerahe yaiku, legendha Roro Mendhut Pranacitra Jawa Tengah, lan legendha sing Jayaprana Layonsari Bali. Loro legendha iki nduweni latar, alur, lan paraga cita kang rada saemper, ning ngendi sajrone legendha kasebut nyritakake ngenani katresnane marang pujaan hatine kang tulus, setya, lan ora gampang dipisahake. Ora mung saempere wae nanging saka latar, alur lan paraga sing ana ing sajrone kaloro legendha kasebut ana saperangan babagan pambada sing bisa dibandhingake nganggo sastra bandhingan.

Undering panliten iki cacahé ana telu, yaiku Kepriye alur sajrone legenda Roro Mendhut lan legenda Jayaprana Layonsari, Kepriye latar sajrone legendha Roro Mendhut lan legendha Jayaprana Layonsari, Kepriye paraga pamaragan sajrone legendha Roro Mendhut lan legendha Jayaprana Layonsari.

Saka adhedhasar undering panliten, uga diandharake ngenani ncasipun panliten iki, yaiku Supaya bisa mahami lan mangerteni alur sajroning Legendha Roro Mendhut Pranacitra lan Legendha Jayaprana Layonsari, Supaya bisa mahami lan mangerteni lattar sajroning Legendha Roro Mendhut Pranacitra lan Legendha Jayaprana Layonsari, Supaya bisa mahami lan mangerteni paraga pamaragan sajroning Legendha Roro Mendhut Pranacitra lan Legendha Jayaprana Layonsari.

Adhedhasar undering lan ancasipun panliten wis diandharna, banjur ana paedah saka panliten iki, yaiku Tumrap panliti, supaya nambah kawruh, referensi, pangertene sastra bandhingan mligine cita rakyat legendha. Tumrap pamaca, supaya nambah wawasan elmu pangetahuan, lan pengalaman apresiasi sastra bandhingan legendha nusantara. Tumrap sastra bandhingan, nggugah kreatifitas supaya tambah berkualitas ngasilake karya lan nambah unsur-unsur orisinalitas sajrone karya sastra.

METODE PANLITEN

Panliten iki minangka panliten sastra bandhingan, saengga metodhe sing bisa digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe deskriptif analisis komperatif. Metodhe iki minangka salah siji metodhe sing digawe kanggo ngejlentrehake fakta-fakta, banjur nemtokake struktur saka masing-masing novel utawa buku fiksi sing arep diteliti, lan disusul kanthi cara dibandhingna kanggo analisis babagan kang padha lan pamedane. Urutan kerja metodhe iki yaiku, nglumpukake dhata, ngelakokake analisis, lan mbandhingake. Pendekatan sing digawe sajrone panliten iki yaiku nganggo sastra bandhingan. Sastra bandhingan dhewe minangka

pendhekatan dening ilmu sastra sing ora bisa ngasilake teori dhewe, lan sastra bandhingan ora ndelehi metodologi kajian tartemtu. Miturut (Damono, 2005:2) sastra bandhingan minangka pendeketan sajrone sastra sing ora bisa ngasilake teori dhewe. Dadi, teori apa wae bisa diigunakake sajrone panliten sastra bandhingan, nanging syarate kudu mathuk karo objek lan tujuwane iku apa

Mula saka kuwi, sajrone panliten iki nggunakake metodhe deskriptif analisis komperatif lan pendekatane nganggo sastra bandhingan sing bisa digandengake karo objek kajiane, yaiku crita legenda Roro Mendhut Pranacitra saka Jawa Tengah lan crita legenda Jayaprana Layonsari saka Bali. Sajrone crita kuwi, pambandhingan sing dtliti lan dianalisis yaiku faktane wujud katresnan sing tragis, uga fakta critane, saengga teori sing digunakake duweni gegayutan karo fakta crita katresnane sing tragis uga pambada lan babagan kang padha saka isi crita loro legenda kasebut

Sumber panliten iki yaiku saka crita rakyat awujud legendha sing ana ing wilayah utawa dhaerah kang beda. Sumber dhata lan dhata primer ing kene yaiku saka buku kumpulan crita sing ditulis dening Ineanrah H.S. Irah-irahan buku critane yaiku “*Seri cerita rakyat Roro Mendhut Pranacitra*” sing diterbitake karo Citra Budhaya saka Bandung, uga dihiasi kaliyan gambar-gambar dening Cak Har. Isi buku crta saka Atisah iki nduweni isi nganthi 45 kaca.

Crita sijine yaiku saka buku kumpulan cerita rakyat nusantara sing dibukukake dening Atisah saka Bali, irah-irahan bukune yaiku “*Jayaprana*” sing diterbitake dening Balai Pustaka Jakarta, 2001. Isi saka buku Jayaprana total isine ana 65 kaca. Saka kaloro crita legendha kasebut, sing arep dianalisis luwih jeruh yaiku ngenani latar, alur, lan paraga pamaragan sajroning critane sing kagolong tragis. Sumber dhata lan dhata sekunder ing pangliten iki yaiku buku-buku referensi kang ana gegayutane karo afinitas sajrone sastra bandhingan ngenani unsur-unsur intrinsic sing ana ing sajrone kaloro legendha kasebut, utamane sing marai kekhasan yaiku alur, lattar, lan paraga pamaragane.

Analisis sing digunakake sajrone panliten iki yaiku analisis nganthi cara etik. Miturut Josh (sajrone Endraswara, 2011: 178) ngandharake yen analisis nganthi cara etik yaiku analisis sing mbangun kerangka pikiran saengga ana rumusan sing gambling lan cetha ngenani apa sing arep dilacak lan dianalisis. Dadi, analisis nganthi cara etik yaiku proses analisis sing adedhasare ana ing teori-teori sing wis dibangun luwih dhisik. Kayata maca bukune, digwe dudutan, digoleki apa sing dadi babagan kang padha lan pambada kanggo bandhingake, ngalisis dhata sing paling onjo (alur, latar, paraga). Iku kabeh kalebuh pencatetan dhata nganggo cara kang etik.

ANDHARAN ASILING PANLITEN

Alur sajrone Legendha Roro Mendut lan Legendha Jayaprana Layonsari

Alur legendha Roro Mendhut Pranacitra, Jateng lan legendha Jayaprana Layonsari, Bali diciptakake dening para pengarang amarga anane saperangan runtutan prastawa utawa kedadeyan sing dianggep bener-bener nyata lan natih kedadeyan ing dhaerahe kunu. Critane saemper nanging uga ana saperangan babagan crita sing beda lan bisa dibandhingake.

Alur legendha Roro Mendut Pranacitra

Ana ing crita legedha Roro Mendhut Pranacitra migunakake alur maju. Allure ana wiwitane crita, tuwuhe konflik, wiwit ngrembaka, klimaks, lan nganthi penyelesaian. Babagan iku bisa dideleng saka saperangan kutipan ing ngisor iki.

a) Pengenalan Crita (Wiwitane Crita)

Ana ing sajrone pengenalan crita legendha Roro Mendut Pranacitra diwiwiti ana ing jaman cilikane Roro Mendut sing uripe mlarat.

“Ing jaman cilikane Mendut uripe ana ing sajrone kemiskinan. Apa maneh nalika bapane mati, kahanane ora natih bisa dipastikake. Isuk mangan, sorene ora mangan. Ibune sing wis dadi janda ngusahake bertahan disanding dodolan tenaga. Nanging nampake ora akeh sing bisa nulung.” (Kaca 3).

Ana ing kutipan dhata ing dhuwur mujudake yen sajroning legendha Roro Mendut nuduhake jaman cilikane Roro Mendut sing mlarat lan urip mung wong loro karo ibune. Ibune Roro Mendut sing dadi janda terus ngusahake bertahan supaya bisa urip nganggo cara serabutan. Masia uripe Mendut lan Ibune mlarat uripe panggah ayem amarga para tanggane padha sayang karo Mendut. Saking sayange kabutuhane Mendut kecukupan amarga mesthi diwenahi dhuwit lan panganan.

b) Pemunculan Konflik (Tuwuhe Konflik)

Wiwit muncule konflik yaiku ana ing wayah Roro Mendut wis diwasa, sing saiki manggon ana ing kadipatane Tumenggung Wiraguna sing mengko arep didadekake selir nanging ditolak mentah-mentah karo Roro Mendut. Saka penolakane iku sing marai Tumenggung Wiraguna ngamuk.

“Dasar wong wadon sing nduwe untung, wong ndeso sing nduwe rasa matur nuwune Mendut iku. Keputusanane dak tampa, nanging ana syarate, dheweke kudu mbayar cukai ning aku. Sedinane telung real, ora oleh kurang! Yen ora bisa mbayar cukai. Aku, bakal migunakake kekuwasaanku sing dadi Tumenggung iki bakal

ngewehehi Roro Mendut hukuman sing setimpal !.” (Kaca 9).

Bhukti kutipan dhata sing ana ing dhuwur kuwi nuduhake rasa ngamuke Tumenggung Wiraguna sing ditolak Roro Mendut. Dheweke ngerasa direndahna martabate. Dheweke pasrah, nanging ana syarate yaiku kudu bayar cukai ing Tumenggung Wiraguna 3 real, yen ora bisa bayar Roro Mendut kudu siyap nrima ukuman.

c) Peningkatan Konflik (Wiwit Ngrembaka)

Ana ing peningkatan konflik sajrone legendha Roro Mendut Pranacitra ana ing wektu Roro Mendut ketemu Pranacitra ing pasar lan akire ngejalin cinta meneng-meneng. Nanging, ora suwi hubungane konangan karo Tumenggung Wiraguna, tekan kunu Tumenggung langsung ngamuk.

“Apa? Roro Mendut minggat karo abdi sialan si Pranacitra iku? Wani tenan Pranacitra ngelawan aku. He para pengawal waranen para kabeh prajurit keratin, saiki kowe kabeh dak utus nggoleki Roro Mendut lan Pranacitra urip utawa mati. (Kaca 25).

Bhukti kutipan dhata ing dhuwur nuduhake yen Tumenggung Wiraguna kedeleng ngamuk lan murka banget sawise weruh Roro Menut metu saka istana karo Pranacitra. Tekan kunu Tumenggung Wiraguna langsung ngutus kabeh pengawal lan para prajurit kadipatiane supaya budhal nggoleki Roro Mendut lan Pranacitra nganthi ketemu. Sawise ketemu, kudu diseret menyang pendopo ngadhep ing Tumenggung Wiraguna.

d) Klimaks

Ana ing klimaks crita legendha Roro Mendut Pranacitra, yaiku ana ing wayah digawa menyang pendopo kadipatian. Pranacitra sing wani ngedikte Tumenggung Wiraguna langsung dimurkani. Murkane Tumenggung Wiraguna wis ora kebendung. Keris sing duweni akire nyabet nyawane Pranacitra.

“....Tumenggug Wiraguna ragu sajrone nuntasna niate kanggo mateni Pranacitra. Saperangan detik sebanjure, hulu kerise ngehantam dadane Pranacitra kanthi jeruh, tepak ing bageyan jantung sing bisa garai mati cepet.” (Kaca 40)

Ana ing dhuwur nuduhake yen keris andalane Tumenggung Wiraguna sing wis malang-ngelintang sajrone saperangan perang, wis akeh ngehirup getih para musuhe. Saiki keris iku ditancepna ing dadane Pranacitra pas ing bageyan jantung. Padha kaya Roro Mendut sing akire melu nyusul Pranacitra amarga ora sengaja kena kerise Tumenggung Wiraguna.

e) Penyelesaian

Ana ing alur penyelesaian sing ana ing sajrone legendha Roro Mendut Pranacitra yaiku diakiri karo pemakamane Roro Mendut lan Pranacitra sing dikubur menyang kuburan karo para senopatine lan prajurit kadipatian.

“.... Ing wayah iku para abdi setyane meneng-meneng ora gelem mbuwang mayite Roro Mendut lan mayite Pranacitra, senopati istana ngutus para pengawal lan prajurit supaya mayite wong kuwi dikuburna semesthine wae”. (Kaca 45).

Ana ing kutipan dhuwur iku nuduhake yen ternyata para abdi istanane sing kalebu pengawal, prajurit, lan para senopati ora mbuwang mayite Roro Mendut lan mayite Pranacitra, nanging justru dikuburna selayake manungsa sing mati.

Alur Legendha Jayaprana Layonsari

Alur sing kaping loro ana ing sajrone crita legendha Jayaprana Layonsari iki uga nduweni alur kang kagolong maju, amarga crita runtut wiwit mula cilikane Jayaprana nganthi diwasa lan pungkasan uripe ing dunya iki.

a) Pengenalan Crita (Wiwitane crita)

Pengenalan sajrone crita legendha Jayaprana Layonsari diwiwiti karo sawijine prolog sing nyaritakake ngenani gambaran umur utawa tahap pengenalan sing uga diarani latar belakang kedadeyane crita legendha kasebut. Paparan gambaran ing sajrone legendha Jayaprana Layonsari diwiwiti saka pannguripan cilikane Jayaprana sakaluwarga saben dinane.

“Keluarga Jayaprana sangat miskin. Mereka tinggal di sebuah gubuk. Gubuk itu beratapkan daun pohon kelapa kering dan dindingnya dari bambu yang telah dianyam.” (Hal. 1)

Artine:

Kaluwarga Jayaprana kuwi wong ora nduwe. Dheweke manggon ing sawijining gubuk. Gubuke iku mung atap saka godhong kelapa sing garing lan tembokane saka pring sing wis dianyam. (Kaca 1)

Kutipan saka data ing ndhuwur yaiku nuduhake yen ngenani latar belakang wiwit mula panguripane Jayaprana sing jaman cilikane soroh, kaluwargane mlarat, ditambah kudu ngingoni patang wong. Omahe Jayaprana sing dipanggoni sakaluwarga mung saka godhong kelapa sing wis garing sing dienggo kanggo alas dhuwure omah ben supaya ora kudanan lan kepanasan, banjur temboke mung saka tutupan kayu pring sing wis dianyam (gedhek).

b) Pemunculan Konflik (Tuwuhe Konflik)

Pemunculan konflik sajrone crita legendha kaping pindo sing ana ing crita Jayaprana Layonsari yaiku ana ing wayah Jayaprana sing wis ditinggal mati kaluwargane lan digawa manggon ana ing kadipatiane Kutha Raja lan dadi abdi kesayangane Raja. Jayaprana sing disayang banget, nganthi diutus supaya ndang-ndang milih wong waduh sing bakale arep dinikahi.

“Jayaprana, kulihat kau kini sudah dewasa. Pilihlah dayangku yang cantik-cantik, baik yang ada di dalam istana maupun yang di luar istana. Segeralah pilih, yang baik segera jadikan istri. Mumpung aku masih hidup.” (Hal. 22)

Artine:

“Jayaprana, aku deleng kowe saiki wis gedhe. Miliha dayangku sing ayu-ayu rupane, apik sing ana ing sajrone keratin utawa sing ana ing njabane keratin. Ndango milih sing becik banjur dadekake garwamu. Mumpung aku isih urip.” (Kaca 22)

Sajrone kutipan ing dhuwur yaiku nuduhake yen Jayaprana wis wayahe nggolek pasangan kanggo uripe mbesuk. Sri Baginda wis nyarana lan ngewenehi tawaransupaya agih ndang rabi, dipersilahna mili dayang-dayange. Supaya yen dheweke wis nemu calon garwane kanggo nikah bakal diragati karo Sri Baginda Raja. Nanging sayang, Jayapranane dhewe durung nemu wanita sing bisa dadi pujaan atine.

c) Peningkatan Konflik (Wiwit Ngrembaka)

Peningkatan konflik sajrone crita legendha iki kedaden nalika pertemuane Jayaprana karo Layonsari ing pasar. Tekan kunu Jayaprana langsung kesemsem karo putrine Jero Bandesa si Layonsari. Jayaprana langsung mbalik lan nemoni Sri Baginda Raja yen dheweke wis oleh calon. Sawise nikah, Penganten nyar iku diarak menyang istana lan ngadep Sri Baginda ing pendopo. Ora disangka Sri Baginda melu kesenseman karo Layonsari lan muncul siasat licik sing arep dirundingna karo para penasihat.

“Begini, Paduka. Paduka perintahkan Jayaprana ke Tarima untuk menumpas orang Bajo yang dikabarkan tengah merampok harta rakyat.” (Hal 40).

Artine:

“Mekaten, Paduka. Paduka utus kemawon Jayaprana wonten Tarima damel numpas tiyang-tiyang Bajo ingkang dikabaraken lagi ngerampok hartanipun rakyat”. (Kaca 40)

Kutipan dhata ing dhuwur nuduhake yen Sri Baginda nduweni siasat karo penasihat kanggo mateni

Jayaprana yaiku pura-pura ngutus Jayaprana budhal menyang wilayah Kerajaan Tarima kanggo numpas maling sing lagi ngeresahna lan njupuki harta para masyarakat Kerajaan Tarima.

d) Klimaks

Ana ing sajrone tahapan klimaks iki, yaiku nalika Saunggaling wis berasil nuntasake tugas saka utusane Sri Baginda kanggo mateni Jayaprana ing Tarima. Mayite Jayaprana uga dimakamna ana ing sekitaran wilayah Tarima

“Saunggaling pun melaksanakan tugas. Ia menikam Jayaprana dengan keris saktinya. Keajaiban terjadi, saat darah memancar dari lambung kiri Jayaprana.” (Hal. 50)

Artine:

Saunggaling uga ngelakokake tugas, dheweke ngenikam Jayaprana nganggo keris saktine. Keajaiban kedaden, wketu darah metu saka lambung kiwane Jayaprana.” (Kaca 50)

Sajrone kutipan dhata sing ana ing dhuwur yaiku nuduhake yen Saunggaling pancen wis nuruti titah Sri Baginda supaya bisa mateni Jayaprana, nanging berita iku diselimurna seakan-akan Jayaprana pancen gugur ing medang perang wektu numpas para maling utawa perampok sing ana ing sekitaran wilayah Kerajaan Tarima. Layonsari sing krungu pawarta iku langsung lara-laraen lan melu nyusul mati Jayaprana.

e) Penyelesaian

Alur penyelesaian sing ana ing sajrone legendha Jayaprana Layonsari nalika Jero Bandesa sing selaku wongtuwane Layonsari tekan ana ing sajroning istana kanggo nggawa mayite lan dimakamake menyang desa kelairane ing Banjar Sekar.

“Jero Bandesa mengusung mayat anaknya menuju Banjar Sekar. Akhirnya, mayat anaknya si Layonsari, dibakar sesuai dengan adat yang ada di Bali” (Hal. 63).

Terjemahan:

Jero Bandesa ngusung mayit anake menyang Banjar Sekar. Akire mayit si Layonsari diobong sing sesuai karo adat sing ana ing Bali. (Kaca 63).

Kutipan dhata ing dhuwur nuduhake yen Jero Bandesa minangka wongtuwane Layonsari nggawa mayit anake menyang Banjar Sekar. Sawise digawa mbalik ing Banjar Sekar, mayite Layonsari diobong nganggo kayu sing sesuai karo adat sing ana ing Bali.

Tabel: 1. Alur Bandhingan sajrone legendha Roro Mendut lan Legendha Jayaprana Layonsari

Alur	Legendha Roro Mendut	Legendha Jayaprana Layonsari
Babagan Padha	(1) Migunakake alur maju, (2) <i>pengenalan</i> : nyeritakake ngenani jaman cilikane Paraga sing uripe mlarat, (3) <i>pemunculan konflik</i> : padha-padha digawa lan manggon ing kadipatiane raja, (4) <i>peningkatan konflik</i> : nyeritakake wiwit mula ketemune karo pujaan hati ing pasar, (5) <i>klimaks</i> : Paraga lanang kang utama, padha-padha dipateni nganggo kerise raja, (6) <i>Penyelesaian</i> : mayite Paraga utama lanang lan wadone padha-padha melu mati sing akire dikubur.	
Pambeda	• <i>Alur pengenalan</i>: Ing jaman cilikane Roro Mendut uripe mlarat lan mung urip wong loro karo ibune. Nanging, panguripane Roro Mendut isih kecukupi amarga para tanggane akeh sing ngewehi dhuwit, beras, lan liya-liane kanggo Roro Mendut.	• <i>Alur pengenalan</i>: Ing jaman cilikane Jayaprana uripe mlarat ing desa Kalianget. dheweke urip lengkap karo wongtuwa lan adhi-adhine. Nanging ora suwi wongtuwa lan para adhi-adhine mati amarga desane diserang wabah penyakit. Urip cilikane nelangsa amarga uripe ijenan.
	• <i>Pemunculan konflik</i>: amarga Roro Mendut nolak tawaran kanggo dadi selire Tumenggung Wiraguna. Tumenggung Wiraguna dadi ngamuk lan murka. Roro Mendut diweheni syarat supaya gelem bayar cukai telung real sedinane, yen ora bisa bakal diukum sesuai kebijakan kerajaan.	• <i>Pemunculan konflik</i>: Jayaprana disayang karo Rajane, nganthi diutus supaya agih nggolek garwa. Yen wis oleh, Raja bakal ngadakake pesta nikahan sing gedhe khusus gawe Jayaprana.
	• <i>Peningkatan Konflik</i>: Tumenggung Wiraguna ngamuk lan murka sawise ngonangi hubungane Roro Mendut lan Pranacitra.	• <i>Peningkatan Konflik</i>: Raja kathon seneng deleng Jayaprana sing wis oleh calon kanggo uripe.
	• <i>Klimaks</i>: Pranacitra dipateni langsung karo tangane Tumenggung Wiraguna nganggo keris andalane ing pendopo kadipatian	• <i>Klimaks</i>: Jayaprana ora langsung dipateni karo tangane raja, nanging dipateni karo penasihat raja si Saunggaling ing Tarima.
	• <i>Penyelesaian</i>: Pranacitra lan Roro Mendut dimakamna barengan lan jejeran secara layak lan adat jawa.	• <i>Penyelesaian</i>: Jayaprana lan Layonsari dimakamna nganthi kepisah, Jayaprana ing Tarima, Layonsari ing Banjar Sekar nganggo adat Bali

Latar Legendha Roro Mendut Pranacitra lan Legendha Jayaprana Layonsari

Latar crita legendha Roro Mendut Pranacitra lan legendha Jayaprana Layonsari minangka katrangan sing ana ing salah sawijining crita kanggo ngewenehi panjlentrehan ngenani wektu, panggonan, lan suwasana sing kedadeyan ing sajroning crita kasebut.

Latar Legendha Roro Mendut

Latar yaiku katrangan sing ana ing sajrone crita kanggo ngewenehi panjlentrehan ngenani panggonan, wektu, lan suwasana sing ana ing sajrone crita kasebut kepriye wae. Katelu latar bakal dijlentrehake lan dianalisis ana ing ngisor iki:

Latar Panggonan

a) Desa Trengbanggi

Desa Trengbanggi kalebu latar panggonan ing sajroning crita legendha Roro Mendut Pranacitra, sing nyeritakake ing wayah jaman cilikan uripe Roro Mendut sing urip lan manggon ing Desa Trengbanggi uga saisi Desa Trengbanggi padha melu nyayangi Roro Mendut.

“.... Ing desa Trengbanggi Mendut dilairake lan manggon mung wong loro karo Ibune wae. Saisine desa Trengbanggi kenal sapa Mendut lan ibune. Ibune Roro Mendut uga kerja serabutan ana ing Desa Trengbanggi. (Kaca 3).

Kutipan ing dhuwur nuduhake sajrone desa Trengbanggi Roro Mendut dilairake lan digedhena karo ibune sing wis janda. Roro Mendut urip ing desa Trengbanggi mung wong loro. Ora ana wong saisi Trengbanggi ora kenal karo Roro Mendut lan ibune. Ibune Roro Mendut uga kerja serabutan ana ing desa kasebut. Uripe Roro Mendut karo ibune mlarat, ora duwe apa-apa. Nanging isih ketulung kahanane amarga sering diwenehi sandang pangan karo warga Trengbanggi.

b) Kerajaan Pati

Ana ing kadipatian Pati, Ibune Roro Mendut diutus kanggo ngadhep ing Gusti Adipati Pragola supaya gelem diboyong menyang keadipatian. Dheweke diutus manggon dadi siji ing keadipatian Pati karo Adipati amarga pengin ndadekake Roro selire.

Adipati Pragola ngutus pengawale kanggo marani Ibune Roro Mendut supaya gelem teka ing kadipatian Pati. Ing pertemuan iku, Adipati Pragola ngutus Ibune Mendut lan Roro Mendute supaya awor dadi siji ing kadipatian Pati. (Kaca 4)

Kutipan sing ana ing dhuwur iku mujudkake yen ing Keadipatian Pati, Adipati Pragola nawani supaya ibune Roro Mendut lan Roro Mendut manggon dadi siji menyang kadipatian Pati. Amarga dheweke kepengin ndadekake Mendut selire. Urip lan pendhidikane Mendut bakal kejamin nasibe.

c) Mataram

Mataram sing dikuwasai karo Tumenggung Wiraguna berasal nguwasai kadipatian Pati lan mateni Adipati Pragola, sing mulane Roro Mendut lan Ibune manggon ing kadipatian Pati, akire diboyong menyang Mataram.

“Balatentara Mataram lan Tumenggung Wiraguna sawise berasal nguwasai kadipatian Pati lan mateni Adipati Pragolane. Tumenggung Wiraguna ngeboyong Roro Mendut lan Ibune menyang wilayahe sing ana ing Mataram supaya gelem manggon karo Tumenggung Wiraguna. (Kaca 6).

Kutipan ing dhuwur Roro Mendut lan Ibune diboyong ing kadipatian Mataram. Ana ing Mataram. Tumenggung ngendhikan yen kepengin ngerabi Roro Mendut. Nanging, Roro Mendut ternyata nolak Tumenggung Wiraguna dadi garwane. Dheweke ngamuk lan ngwenahi syarat yen saben dina kudu bisa bayar cukai telung real saben dinane yen ora bisa, Mendut kudu siyap diukum. Akire Roro Mendut dodol rokok ing Pasar prawiromantren, ing pasar iku Mendut ketemu lan njalin asmara karo Pranacitra.

d) Pendopo

Ana ing pendopo istana Mataram dadi saksi bisu panggonan sing digawe mateni Pranacitra, sing sadurunge minggat karo Roro Mendut saka kadipatian amarga konangan berhubungan gelap.

“Para dayang lan abdi kadipatian mung bisa nahan napas amarga ndeleng Tumenggung Wiraguna langsung nyudhuk jantunge Jayaprana nganthi mati. Kedadeyan iku langsung dilakokake menyang pendopo kadipatian.” (Kaca 40).

Kutipan ing dhuwur mujudake yen ing pendopo istana, Tumenggung akire ora bisa bendung rasa murkane. Ora ana rasa welas asih, dheweke langsung mateni Jayaprana ing pendopo lan disekseni karo para dayang lan abdine. Ora mung Jayaprana, Roro Mendut

uga melu mati amarga ora sengaja kena pucuk kerise Tumenggung Wiraguna.

Latar Wektu

a) Wayah bengi (Tengah Wengi)

Latar wektu ing wayah bengi apamaneh ing wayah tengah wengi saka sajrone crita legendha Roro Mendut Pranacitra ngenani posisi Pranacitra sing lagi ngrasa kangen lan pengin nyawang Roro Mendut, lan kepengin gawa Roro Mendut metu mblayu saka kadipatian Wiragunan.

“Ing wayah tengah wengi Pranacitra budhal menyang kadipatian kanggo ngelakokake aksine. Kebetulan para abdi istana wis lengah lan akeh sing turu. Pranacitra ngelangsungna rencanane nganggo ajian sesirep. Ajian iku bisa marai wong sing ana ing sekitaran kadipatian semapat kaya wong turu.” (Kaca 33).

Kutipan dhata ing dhuwur nuduhake yen wayah tengah wengi Pranacitra ngelangsungna aksine supaya bisa nggawa Roro Mendut metu saka kadipatian Wiragunan. Dheweke mlebu migunakake ajian sesirep. Aksine berasal. Dheweke bisa ucul lan mblayu saka kadipatian karo Roro Mendut.

b) Wayah awan

Ana ing wayah awan Pranacitra ngrasa kangen banget karo Roro Mendut, teka kunu Roro Mendut gawe siasat supaya bisa metu lan nemoni Pranacitra secara rahasia lan meneng-meneng.

“Ana ing wayah awan Roro Mendut saben dinane mesthimetu mlaku-mlaku ing pendopo, sing biyasane dikancani karo para dayange saiki ora, amarga dheweke meneng-meneng arep nemoni Pranacitra.” (Kaca 20).

Kutipan ing dhuwur yen saben dina ing wayah awan Roro Mendut mesthi mlaku-mlaku ngelilingi sekitaran kadipatian lan mandeg ana ing pendopo kadipatian. Biyasane dikancani karo para dayang lan para pengawal, nanging dheweke ing wayah awan iku wis ora dikancani sapa-sapa amarga arep nemoni Pranacitra secara rahasia.

Latar Swasana

a) Bagya

Latar swasana sing awujud anane pangrasa bagya ing sajrone crita legendha Roro Mendut Pranacitra iku ana ing wayah sambatan ati Ibune Roro Mendut sing uripe masia wis ditinggal bojone mati lan uripe sing mlarat, dheweke panggah ngerasa bagya amarga nduweni anak kaya Mendut sing duweni kaluwihan tinimbang bocah liyane. Dheweke dikenal nduweni paras kang ayu lan lembut atine. Nganthi para warga

sing ana ing saisi Desa Trenggbanggi melu sayang karo Roro Mendut.

“Ya Gusti Pangeran, kula ngerasa bagya tenan sampun diparingi putri sing ayu ora mung njabane wae, nanging Gusti Pangeran uga maringi ayune ati kanggo Roro Mendut, masia uripku mlarat, kula seneng Ya Gusti Pangeran. (Kaca 3)

Kutipan dhata ing nduwur mujudake swasana bagya sing dialami karo Ibune Roro Mendut, dheweke bersyukur banget karo Gusti Allah amarga wis diwenehi anak sing ayu rupane, lan nduweni ati becik. Ora mung iku, wong saisi desa Trenggbanggi uga melu sayang karo Roro Mendut.

b) Tegang

Swasana tegang ing sajrone legendha Roro Mendut Pranacitra mujuana ing wayah sawise Tumenggung Wiraguna ngamuk lan murka karo Pranacitra sing wani ngedikte. Saka kunu, swasana ing pendopo kadipatian dadi tegang banget, amarga Tumenggung Wiraguna langsung ngetokake kerise.

“Kerise wis didudut saka sangkare. Akire, keris iku nyudhuk awake Pranacitra ing jantunge sing paling jeruh. Swasana ing pendopo kadipatian Wiragunan dadi melu tegang apamaneh kedadeyan iku mung bisa dideleng karo para abdi lan dayang-dayange.” (Kaca 42).

Kutipan ing dhuwur nuduhake swasana ing pendopo kadipatian Wiragunan dadi mencengkam lan tegang amarga Tumenggung Wiraguna wis ngetokake keris andalane. Akire kerise iku mluncur menyang jantunge Pranacitra, nganthi mati lan disekseni karo para penghuni kadipatian ing pendopo.

Latar Legendha Jayaprana Layonsari

Pangerten saka latar sing wis diweruhi yaiku minangka babagan sing ngandharake ngenani anane panggonan, wektu, lan swasana sing kedadeyan ing sajrone crita. Babagan iki uga dijlentrehake sajrone legendha Jayaprana Layonsari ing ngisor iki

Latar panggonan

a) Desa Kalianget

Ana ing Desa Kalianget minangka salah siji panggonan sing ana ing crita legendha Jayaprana Layonsari. Desa Kalianget dadi wiwit mula crita panguripan cilikane Jayaprana karo kaluwargane sing mlarate ora ketulungan.

“Di Desa Kalianget. tinggalah sebuah keluarga. Keluarga itu mempunyai tiga orang anak. Dua anak laki-laki dan satu perempuan. Anak laki-laki yang bungsu bernama Jayaprana. Keluarga itu terkenal dengan sebutan Jayaprana.” (Hal 1).

Artine:

“Ana ing Desa Kalianget. manggon salah sawijing kaluwarga. kaluwarga iku nduweni telung anak. Loro anak lanang lan siji anak wadon. Anak lanang sing bungsu jenenge Jayaprana. Kaluwarga iku terkenal karo sebutan Jayaprana.” (Hal 1).

Kutipan dhata ing dhuwur nuduhake yen cilikane Jayaprana ana ing Desa Kalianget karo wongtuwa, lan adhi-adhine. Ana ing Desa Kalianget, dicritakake yen urip kaluwargane Jayaprana uripe mlarat, sing mung urip ing salah siji gubuk gedhek sing ana ing desa Kalianget.

b) Istana

Sawise ditinggal mati karo kabeh kaluwargane amarga wabah penyakit, dheweke saiki manggon ing istana. Uripe Jayaprana saiki berubah drastis amarga dianggap anak lanang karo Rajane. Saliyane iku, Jayaprana uga didadekake abdi kesayanga raja.

“Jayaprana diajak oleh tuannya ke istana. Di istana, mereka menghadap ke Sri Baginda. Sesampainya di istana, Jayaprana disambut baik oleh Sri Baginda Raja.” (Hal 18).

Artine:

“Jayaprana diajak karo tuanne menyang istana. Ing istana dheweke kabeh ngadep menyang Sri Baginda. Satekane ing istana, Jayaprana disambut apik karo Sri Baginda Raja.” (Kaca 18).

Kutipan ing ndhuwur mujudake Jayaprana akire manggon menyang istana lan didadekake abdi tersayange Sri Baginda Raja. Ana ing sajrone istana, Jayaprana disambut kanthi apik karo Sri Baginda Raja lan penghuni istana sing liyane.

c) Pendopo

Ana ing latar panggonan sing mujudake pendopo, ing kene dadi saksi bisu, dilakokake resepsi nikahane Jayaprana lan Layonsari sing dirayakna karo rajane gedhe-gedhean lan diarak menyang pendopo istana.

“Rombongan pengantin telah sampai di istana, mereka langsung menuju pendopo karena Sri Baginda telah menunggu di situ. Kedua mempelai menyembah khidmat pada Sri Baginda Raja.” (Hal 35).

Artine:

“Rombongan pengantin wis tekan ing sajrone istana, dheweke kabeh langsung manuju ana ing pendopo amarga Sri Baginda wis ngenteni ana ing kunu. Kaloro mempelai iku uga nyembah kanthi khidmat marang Sri Baginda Raja.” (Kaca 35).

Kutipan dhata ana ing dhuwur nikahen Jayaprana lan Layonsari dirayakna gedhe-gedhean lan diboyong

menyang istana. Banjur, Jayaprana lan Layonsari langsung lungguh nyembah Sri Baginda Raja ing singgasane. Ana ing pendopo, resepsi nikahane Jayaprana lan Layonsari disambut lan disekseni karo wong sak kadipatian sing melu nekani ing pendopo istana.

Latar Waktu

a) Wayah Bengi

Ana ing wayah bengi ing sajrone crita legendha Jayaprana Layonsari yaiku wayah Jayaprana sing lagi ngeratapi dhiri amarga lagi duka. Ing wayah bengi dheweke nangis amarga ditinggal kaluwargane kabeh.

“Malam tiba, Jayaprana hanya menangis tidak bisa membendung kepergian orangtuanya yang telah meninggalkannya untuk selamanya.. Jayaprana hanya merasakan bahwa dirinyalah yang paling menderta di dunia ini karena sudah tidak mempunyai siapa-siapa, semua keluarganya telah meninggal dunia.” (Hal. 5).

Artine:

“Wayah bengi, Jayaprana mung bisa nangis amarga ora bisa mbendung tangisane sing wis ditinggal karo wongtuwane kanggo selawase. Jayaprana mung bisa ngerasakake sing paling menderita ing dunya amarga wis ora duwe sapa-sapa. Kabeh kaluwargane wis ninggalna.” (Kaca 5).

Kutipan ing dhuwur nuduhake yen wayah bengi Jayaprana mung bisa numpahna tangisane nangisi wongtuwane sing ninggalna selawase. Wongtuwane Jayaprana seda amarga lara kena wabah penyakit sing nyerang Kalianget. Jayaprana mung ngerasa yen saiki dheweke dadi manungsa sing paling menderita ing dunya iki amarga wis ora nduwe sapa-sapa maneh.

b) Wayah awan (siyang)

Latar wektu sing awujud ing wayah awan ngandharake ngenani salah siji babagan ing wayah Jayaprana ngelakokake nikahan karo Layonsari sing diadakna nganthi gedhe-gedhean lan digiring menyang pendopo istana.

“Siang hari, rombongan pengantin telah tiba di istana. Mereka langsung menuju pendopo karena Sri Baginda Raja telah menunggu disitu. Kedua mempelai menyembah khidmat pada Sri Baginda.” (Hal. 35).

Artine:

“Ing wayah awan, rombongan pengantin wis tekan ing istana. Dheweke langsung manuju menyang pendopo amarga Sri Baginda Raja wis ngenteni pasangan iku ana ing kunu. Kaloro pasangan pengantin nyembah kanthi khidmat marang Sri Baginda.” (Kaca 35).

Kutipan ing dhuwur mujudake yen ing wayah iki Jayaprana lagi ngerayakake nikahen karo Layonsari, langsung diarak gedhe-gedhean menyang pendopo kadipatian. Ana ing pendopo, Sri Baginda Raja ternyata wis nyambut lan ngenteni kaloro pasangan kasebut Ora suwi, akire pasangan Jayaprana lan Layonsari langsung lungguh, lan nyembah kanthi khidmat menyang Sri Baginda Rajane.

Latar Swasana

a) Bagya

Ana ing swasana bagya iki Layonsari lan Jayaprana ngerasakake swasana atine sing lagi kasmaran lan amarga lamarane ditampa Layonsari lan kaluwargane. Dheweke bagya amarga maringene bakal nikah karo pujaan atine Layonsari.

“Seperti mendapat durian runtuh, Jayaprana bersama pembantunya kembali ke istana. Jayaprana sangat senang dan berbahagia sebab tugasnya berhasil dengan baik. Yang jelas, sebentar lagi ia akan bersanding dengan gadis idamannya.” (Hal. 30).

Artine:

“Kaya oleh duren ceblok, Jayaprana karo rencange mbalik menyang kadipatian. Jayaprana kathon remen lan bagya banget amarga tugase wis berasil kanthi lancar. Sing jelas, maringene dheweke bakal sandingan karo wanita idamane.” (Kaca 30).

Kutipan dhata ing dhuwur mujudake swasana atine Jayaprana sing lagi seneng lan bagya banget amarga tekane dheweke karo rencange menyang omahe Layonsari disambut apik karo kaluwargane Layonsari. luwihe, tujuwane bisa kelaksana kanthi lancar amarga lamarane Jayaprana diterima karo Layonsari lan kaluwargane. Dheweke bagya banget lan ora nyangka yen Layonsari gelem sandhingan urip selawase karo dheweke.

b) Tegang

Swasana kang tegang ing crita legendha Jayaprana Layonsari yaiku ana ing wayah Saunggaling sing selaku penasihat istana berasil nuntasna tugase supaya bisa mateni Jayaprana ing Tarima.

“Kalau begitu, silahkan Paman melaksanakan tugas. Saya telah siap. Saya tidak takut mati, Paman. Hanya perlu diingat bahwa saya tidak bersalah”, Suasana di Tarima menjadi sangat tegang ketika Saunggaling melaksanakan tugas. Ia menikam Jayaprana dengan keris saktinya. Saat Jayaprana rebah, guruh dan petir sambar menyambar. (Hal. 50).

Artine:

“Yen mengkana, mangga Paman ngelakokaken tugas. Kula sampun siyap. Kula mboten wedi mati, Paman. Nanging ingkang

prelu dieling yen kula ora nduwe salah”, swasana ing Tarima dadi kathon tegang nalika Saunggaling ngelakokake tugase. Dheweke nikam Jayaprana nganggo keris sektine. Wektu Jayaprana lugur, guruh lan bledeg dadi nyambar-tinambar.” (Kaca 50).

nancepna keris sektine ana ing Jayaprana. Dheweke berasal ngelakokake titah tugase sing wis diwenehi karo Sri Baginda Raja supaya bisa mateni Jayaprana. Sawise Saunggaling berasal mateni Jayaprana, swasana dadi semakin tegang amarga mara-mara guruh, kilat, lan kilat dadi nyambar-tinambar kaya melu dadi saksi kematiane Jayaprana.

Kutipan dhata sing ana ing dhuwur mujudake anane swasana tegang ing wayah Saunggaling berasal

Tabel 2: Latar Bandhingan sajrone Legendha Roro Mendut Pranacitra lan Legendha Jayaprana Layonsari

Alur	Legendha Roro Mendut	Legendha Jayaprana Layonsari
Babagan Padha	- Latar Wektu: (1) Ana ing wayah <i>bengi</i> padha padha lagi ngerasa kangen karo wong sing ditresnani, Padha-padha ngebayangna yen wong ditresnani ana ing hadepane, (2) ana ing latar wektu wayah <i>awan (siang)</i> ana salah sawijining dhata sing padha-padha ngandharake ngenani pertemuan ora sengaja karo wanita pujaan atine. - Latar Panggonan: (1) Ana ing latar panggonan istana/kadipatian, Roro Mendut lan Jayaprana ing wayah diwasa padha-padha manggon ing kunu, (2) Ana ing latar panggonan pasar, padha-padha ditemokake karo pujaan atine. - Latar Swasana: (1) padha-padha ana swasana kang bagya, lan swasana kang tegang. (2) swasana tegang padha-padha ana ing wayah paraga lanang kang utama dipateni nganggo keris.	
Pambeda	- Latar Wektu: (1) ana ing wayah awan Roro Mendut gawe siasat supaya bisa ngejalin hubungan karo Pranacitra meneng-meneng. - Latar Panggonan: (1) saka latar panggonan sing dadi wiwit mula lair nganthi panguripan cilikane Roro Mendut sing mlarat ana ing Desa Trenbanggi, (2) sawise diwasa, Roro Mendut urip menyang kadipatian Pati banjur pindah menyang kadipatian Wiragunan.	- Latar Wektu: (1) wayah awan, Jayaprana kasmaran amarga lamarane ditampa Layonsari lan restui karo Raja nganthi terbuka. - Latar Panggonan: (1) cilikane Jayaprana uga mlarat nanging beda katrangan panggonan, yaiku ana ing Desa Kalianget. (2) Jayaprana diwasa manggon ing istana Kutha Raja.
	Latar Swasana: rasa bagya ing crita Roro Mendut Pranacitra ing wayah Ibune Mendut masia urip mlarat, dheweke ngerasa bagya lan bersyukur wis dikaruniai anak kaya Mendut.	Latar Swasana: rasa bagya ing crita Jayaprana Layonsari amarga lamarane ditampa karo Layonsari sakaluwarga, dheweke bagya maringene bakal nikah.

Wewatekane Paraga sajrone Legendha Roro Mendut Pranacitra lan Legendha Jayaprana Layonsari.

Ana ing sajrone kaloro crita legendha kasebut wis mesti nduweni masing-masing paraga jangkep karo pamaragan utawa karakter. Karakter perparaga biyasane beda-beda. Saka anane pambeda karakter saben paraga, ikulah sing bisa mujudake isi crita dadi luwih apik.

Wewatekane Paraga Legendha Roro Mendut Pranacitra.

Paraga pamaragan sing ana ing ing crita legendha Roro Mendut Pranacitra iki duweni saperangan paraga sing ngisi alur critane. Saperangan paraga sing ana ing legendha iki, bakal diandharna ing ngisor iki:

Roro Mendut (Paraga utama wanita, Protagonis)

a) Setya

Roro Mendut ing sajrone crita, digambarake nduweni sipat kang setya marang pujaan atine. Dheweke

rela mati asal bisa urip barengan terus karo kekasihhe, dheweke wani nentang perintah lan panjaluke Tumenggung Wiraguna, dheweke emoh yen dipisahna karo kekasihhe.

“Kurang ajar. Rupane Mendut ora duwe untung, dheweke bisa-bisane luwih milih mati timbang urip seneng karo aku, nganthi dudut kerisku kanggo nyudhuk wetenge dhewe. Dasar wong wadon keparat.” (Kaca 44).

Kutipan dhata sing ana ing dhuwur nuduhake yen Roro Mendut nduweni watak sing setya marang kekasih hatine, dheweke ora peduli yen dheweke kudu melu ngerasakna larane kesudhuk keris lan melu mati nyusul pujaan atine. Masia dheweke ditawani urip seneng karo Tumenggung Wiraguna, dheweke panggah ora gelem nampa.

Pranacitra (Paraga utama lanang, Protagonis)

a) kendel

Ana ing sajrone crita legendha Roro Mendut Pranacitra, ana paraga utama lanang sing jenenge Pranacitra. Dheweke saliyane setya, dheweke uga dadi wong lanang sing nduweni karakter pemberani (*kendel*). Dheweke wani ngedikte Tumenggung Wiraguna sing notabene dadi Tumenggung ing kadipatian Wiragunan lan nduweni kekuasaan.

“Keparat, wani-wanine kowe ngedikte aku sing dadi Tumenggung ing kene hah, iki urusanku karo Roro Mendut dudu urusanmu, yen kowe ora gelem nyembah lan njaluk ampunan ning aku. Titenana uripmu tak pedot dina iki.” (Kaca 38).

Kutipan ing dhuwur mujudake yen Pranacitra saliyane nduweni karakter sing padha setyane kaya Roro Mendut, dheweke uga nduweni sipat wani (*kendel/pemberani*). Dheweke wani ngedikte Tumenggubg Wiraguna. Pranacitra ora sudi nyembah lan nyuwun pangampunan yen Tumenggung Wiraguna ora bisa janji menyang dheweke supaya ora nyiksa Roro Mendut. Tekan kunu Tumenggung Wiraguna murka lan langsung nyudhuk jantunge Pranacitra nganggo keris andalane.

Tumenggung Wiraguna (Antagonis)

a) Sombong

Tumenggung Wiragunan ing sajrone crita legendha Roro Mendut Pranacitra dadi peran paraga kang antagonis (jahat). Tumenggung Wiraguna digambarna nduweni sipat kang sombong, kabeh panjaluke kudu keturutan.

“Sapa sing wani karo aku Tumenggung Wiraguna panguwasa sing paling disanjung ing kene, hmm ora bakal ana. Kabeh wong sing ana ing wilayahku, padha wedi karo aku. Kabeh panjaluku mesthi keturutan. Apamaneh maslaah wong wadon, aku bisa naklukake atine kabeh. Secara, jabatanku ing kene dadi Tumenggung.” (Kaca 16).

Kutipan dhata ing dhuwur mujudake sipat sombong diduweni karo Tumenggung Wiraguna ing sajrone crita. Amarga dheweke dadi Tumenggung sing disanjung lan diwedeni karo para abdi lan sewilayah kadipatian, dheweke bisa luwih gampang ngewujudake impiane sing njaluk apa wae. Kajaba perihai wanita, sapa wae wis mesthi gelem didadekna selire, dheweke sugih, duwe apa wae.

Wewatekane Paraga sajrone Legendha Jayaprana Layonsari.

Wewatekane paraga sing digambarna ana ing sajrone legendha Jayaprana Layonsari bakal diandharna ing ngisor iki, yaiku:

Jayaprana

a) Setya

Jayaprana digambarna nduweni paras kang ganteng lan gagah. Pranacitra dhewe uga digambarna yen dheweke nduweni watak lan sipat sing setya ngerti apa iku artine balas budhi. Pranacitra ora gelem wong-wong sing wis nulungi uripe dikeciwakake. Apa wae bakal dikorbana yaiku dilakoni nganggo cara salah sijine yaiku dadi abdi sing setya kanggo Sri Baginda Raja.

“Aku tidak akan pernah mengecewakan Raja. Sebagai balasan atas kebbaikannya, ku akan mengabdikan diriku padanya dengan setia. Aku akan bekerja untuknya, membuatnya bangga padaku. Aku tidak akan pernah sedikitpun mengkhianatinya.” (Hal 19).

Artine:

“Aku ora bakal ngeciwakna Raja. Kabeh balesan kanggo kebbaikane, aku bakal ngabdina dhiri marang dheweke nganthi setya. Aku bakal kerja mung kanggo Sri Baginda Raja supaya Raja bangga anane aku. Aku ora bakal satithik wae berkhianat karo slirahe”. (Kaca 19).

Kutipan ing dhuwur nuduhake yen dheweke bakal setya ora ngekhiyanati Sri Baginda Raja sing wis apik karo slirahe. Jayaprana janji, yen dheweke ora bakal ngeciwakna Sri Baginda Raja, jayaprana sing ngerti apa iku balas budi kebbaikane wong, dibuktina karo cara kasetyane dheweke marang wong sing natih nulungi dan ngrewangi uripe supaya ora soroh maneh. Apa maneh nganthi direwangi gawe acara resepsi nikahan sing mewah lan mewag kanggo Jayaprana lan Layonsari.

Layonsari

a) Setya

Layonsari digambarna saliyane nduwe paras kang ayu lan lembut, dheweke uga digambarna nduwe sipat sing setya marang pasangane yaiku Jayaprana. Dheweke ora gelem yen kudu khianat masia iku karo Sri Baginda Raja dhewe. Layonsari siyap nggenteni Jayaprana nganthi maut nemokake dheweke maneh karo Jayaprana.

“Layonsari menyembah sambil menangis, “Hamba mohon beribu-ribu ampun, Paduka. Hamba menolak titah Paduka sebab hamba hendak menyusul suami hamba, hamba tidak

ingin menikah lagi, hamba akan setia kepada suami hamba Jayaprana.” (Hal 60).

Artine:

“Layonsari nyembah karo nangis, “Hamba nyuwun pangapunten, Paduka. Hmaba nolak titahipun Paduka amargi hamba bahde nyusul garwa hamba, hamba mboten kepengin nikah malih. Hamba mung setya kaliyan garwa hamba Jayaprana.” (Kaca 60).

Kutipan dhata ing dhuwur mujudake yen Layonsari pancen digambarna nduwe sipat watak kang setya marang bojone yaiku Jayaprana. Dheweke ora ana pikiran kanggo nggantikake posisine Jayaprana sing dadi bojone. Layonsari mung tresna karo Jayaprana, nganthi dheweke duweni pikiran yen arep nyusul matine Jayaprana supaya bisa bersatu maneh ing syuwarga. Tawaran supaya dadi garwane Sri Baginda Raja wae uga ditolak karo Layonsari. Alesane mung siji, yaiku panggah setya marang Jayaprana nganthi akir hayat.

Sri Baginda Raja

a) Licik

Layonsari iki digambarna nduwe sipat watak sing licik. Meneng-meneng ora keduga, raja sing dianggap nduweni sikap apik menyang Jayaprana, jutsru malah tega nyudhuk tekan mburi. Meneng-meneng ngehayutna. Cara jahate nganggo cara sing luwih alus

supaya kepenginane sing pengin ngerabi Layonsari bisa kawujud.

“Harap Paman-paman ketahui, aku ingin Layonsari menjadi milikku. Buatlah siasat yang rapi untuk membunuh Jayaprana. Aku benar-benar jatuh hati pada wanita itu. Kalau tidak mendapatkannya, aku akan mati penasaran.” (Hal. 40).

Artine:

“Kudu paman-paman mangerteni, aku kepengin Layonsari dadi nggonanku. Gawekna siasat sing rapi kanggo mateni Jayaprana. Aku temen-temen wis tresna karo wanita iku. Yen oara bisa ngolehake atine, aku bakal mati penasaran.” (Kaca 40).

Kutipan dhata ing dhuwur nuduhake bhukti kelicikane Sri Baginda Raja sing nduweni sipat watak kang licik. Jiwa kejahante dilakoni nganggo cara sing luwih alus, yaiku meneng-meneng dheweke nduweni kepenginan pengin mateni Jayaprana lan ngganteni posisine Jayaprana sing dadi garwane Layonsari. Dheweke ngutus para abdi lan paman patihe gelem mbiyantu kekarepane Raja supaya bisa gawe siasat sing apik kanggo mateni Jayaprana.

Tabel 2: Wewatekane Paraga Bandhingan sajrone Legendha Roro Mendut Pranacitra lan Legendha Jayaprana Layonsari

Wewatekane Paraga	Legendha Roro Mendut	Legendha Jayaprana Layonsari
Babagan Padha	- Padha-padha ananep araga sing perane dadi antagonis lan jahat sing kepengin ngerebut atine paraga utama sing wanita. - Saka paraga utama wanita lan lanang, padha-padha digambarna nduweni sipat kang setya lan rela bekorban karo masing-masing pasangane. - Panggambaran paraga utama sing lanang padha-padha digambarna nduwe paras kang ganteng, lan gagah. Banjur paraga utama wnaitanane uga digambarna nduwe paras sing rupane ayu banget. - Peran paraga utama wanita digambarna luwih milih setya karo kekasihe tinimbang rabi maneh karo wong liya.	
Pambeda	<i>Pranacitra peran paraga utama sing lanang(Protagonis):</i> Digambarna ora nduweni sipat setya marang raja Tumenggunge sing wis apik karo dheweke supaya bisa dadi abdi kesayangane raja tumenggunge	Jayaprana peran paraga utama sing lanang (Protagonis): Nduweni sipat sing setya marang rajane sing wis apik karo dheweke. sing gelem nampa dadi abdi kesayangane.
	Roro Mendut (Protagonis) peran paraga utama wanita: Roro Mendut digambarna nduwe sipat sing kendel wani mbangkang. Saben dina mesthi marai Tumenggung Wiraguna nganthi ngamuk lan murka.	Layonsari (Protagonis) Pperan paarga utama wanita: Layonsari digambarna nduwe sipat kang lembut, kalem, lan panurut karo wongtuwa, bojone, lan khurmat marang Sri Baginda rajane.

	<i>Tumenggung Wiraguna (Antagonis):</i> • Tumenggung Wiraguna di gambarna nduwe sipat sing ala. Dheweke digambarna sombong lan ora duwe ati karo sapa wae sing berkhianat apa maneh wis nyudhuk Tumenggung tekan mburine. Dheweke dikenal blak-blakan yen wis karo wong sing ora disenengi. Dheweke rela mateni langsung.	<i>Sri Baginda raja (Antagonis):</i> • Sri Baginda Raja cara jahate seng sembunyi tangan ora blak-blakan. Dheweke meneng-meneng nduweni sipat sing licik supaya wong sing ora disenengi ikumau mati nanging ora karo tangane langsung. maine alus.

PANUTUP

Dudutan

Sastra tulis saka buku crita legendha karyane Atisah sing irah-irahane Jayaprana Layonsari lan buku crita legendha karyane Ineanrah Hs, sing irah-iraahe Roro Mendut Pranacitra iki nduweni babagan crita kang padha persis. Kajaba saka unsur sing paling utama lan onjo saka segi alur, latar lan watak paraga. Saka asil analisis panliten karo rong crita legendha kasebut, dikawruhi yen anane isi crita sing saemper. Crita siji, legendha Roro Mendut Pranacitra alure nyeritakake ngenani hubungan percintaan (katresnan) nanging nduweni akir sing tragise amarga Tumenggung Wiraguna melu kesemsem karo Roro Mendut lan kepengin ndadekake selire. Amarga ora bisa ngolehake atine, akire Tumenggung Wiraguna murka lan ngamuk banjur mateni Pranacitra. Kuwi kedadeyan alur iku uga ana ing sajrone crita legendha kaping loro, yaiku legendha Jayaprana Layonsari. Rajane uga melu kesemsem karo Layonsraine, amarga kepengin dadekake garwane, dheweke kepengin mateni Jayaprana.

Asil panliten sing wis diandharna ing ndhuwur minangka asil saka undering panliten lan ancasipun panliten, yaiku Supaya bisa mahami lan mangerteni bedane alur sajroning Legendha Roro Mendhut Pranacitra lan Legendha Jayaprana Layonsari, Supaya bisa mahami lan mangerteni bedane lattar sajroning Legendha Roro Mendhut Pranacitra lan Legendha Jayaprana Layonsari, Supaya bisa mahami lan mangerteni bedane watak paraga sajroning Legendha Roro Mendhut Pranacitra lan Legendha Jayaprana Layonsari. Panliten iki uga diimplikasikake kanggo panliti, pamaca, sastra bandhingan, pengarang lan sekolah. Paedah saka asil panliten iki yaiku supaya nambah kawruh, referensi, lan pangertene sastra bandhingan mligine crita rakyat legendha. Tumrap pamaca, supaya nambah wawasan elmu pangetahuan, lan pengalaman apresiasi sastra bandhingan legendha nusantara. Tumrap sastra bandhingan, nggugah kreatifitas supaya tambah berkualitas ngasilake karya lan nambah unsur-unsur orisinalitas sajrone karya sastra. Tumrap sekolah supaya bisa nambah elmu pangetahuan sarta bisa dadi pengaruhntumrap nggayuh pendhidhikan

sajrone basa Jawa lan basa Indonesia, sarta bisa nambah tetembungan.

Pamrayoga

Saka dudutan sing mari dipaparna ing dhuwur, sabanjure arep dikemotake ngenani saperangans aran sing ana gegayutane karo panlitan iki. Anane pemaparan saran bakal diandharna lan dijletrehake menyang ngisor iki, yaiku: (1) Panliten sing ngandharake ngenani sastra bandhingan sajrone karya sastra tulis crita legendha Roro Mendut Pranacitra lan karya sastra tulis crita legendha Jayaprana Layonsari iki durung sakabehe sempurna. Mula saka kuwi panulis nganggep isih prelune panliti sing liyane kanggo nganalisis permasalahan sing ana gayutane karo kaloro crita legendha iki. (2) Tumrap pendidikan, dikarepake panliten iki bisa nduweni paedah kanggo pasinaonan mligine ngenani pasinaonan sastra bandhingan sajrone karya sastra tulis utawa buku-buku crita nusantara sing awujud legendha lan dongeng, (3) Isih ana saperangan alternatif panliten liyane sing bisa dilakokake kanggo nliiti karya sastra tulis crita legenda Roro Mendut Pranacitra anggitanane Ineanrah Hs, lan legendha Jayaprana Layonsari anggitanane Atisah nganggo metode, teori lan pendekatan sing beda, (4) Tumrap para pamaca karya sastra kudu luwih bisa ndudut nlai-nilai sing apik lan positif sajrone karya sastra tulis. Apamaneh kanggo karya sastra sing wis natih diwaca lan dikenal ing panguripane saben dina.

Kapustakan

. 2011a. *Metodologi Penelitian Sastra Bandingan*. Yogyakarta: Lumbung Ilmu.

Aminuddin. 1991. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru.

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Metode Penelitian*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Atisah. 2001. *Jayaprana*. Jakarta: Balai Pustaka.

Damono, Supardi Djoko. 2005. *Pegangan Penelitian Sastra Bandingan*. Jakarta: Pusat Bahasa.

- Damono, Sapardi Djoko. 2009. *Sastra Bandingan*. Jakarta: Editium.
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: PT. Grafiti Pres.
- Darni, 2013. “Fenomena Perdagangan Perempuan Dalam Fiksi Jawa Modern” dalam *Litera Jurnal penelitian Bahasa, Sastra, dan Pengajarannya* Volume 12, nomor 1, April 2010. Fakultas Bahasa dan Seni. Universitas Negeri Surabaya.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Esten, Mursal. 2013. *Kasusastraan Pengantar Teori dan Sejarah*. Jakarta: Angkasa.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1993. *Merambah Matahari: Sastra dalam Perbandingan*. Surabaya: Gaya Masa.
- Ineanrah H.S. _____. *Seri Cerita Rakyat RORO MENDUT (cerita dari Jawa)*. Bandung: Citra Budaya.
- Luxemburg, Jan Van dkk. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra* (terjemahan oleh Dick Hartoko). Jakarta: PT Gramedia.
- Noor, redyanto. 2010. *Pengantar Pengkajian Sastra*. Semarang: Fasindo.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sangidu, 2004. *Penelitian Sastra: Pendekatan Sastra Sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Depdikbud.
- Sudjiman, Panuti. 1992. *Memahami Cerita Rekaan*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Tim. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Tjahyono, Tengsoe. 1988. *Sastra Indonesia: Pengantar teori dan Apresiasi*. Ende: Nusa Indah.
- Waluyo, Herman J. 1994. *Pengkajian Cerita Fiksi*. Surakarta: Sebelas Maret University Press.
- Wellek, Rene, dan Austin Warren. 1993. *Teori Kasustra*. Terjemahan Melanie Budianta. Jakarta: PT. Gramedia.
- Wellek, Rene, dan Austin Warren. 2016. *Teori Kasustra*. Jakarta: PT Gramedia.
- Winarti, Retno. 2009. *Kajian Sastra*. Salatiga: Widya Sari Press.
- Sumber Internet:**
- Maulana, 2016 makalah sastra. <https://maulana1234blog.wordpress.com/2016/12/02/makalah-sastra/>. Diakses tanggal 22 Oktober 2019.
- Nurhamidin, 2013 sastra bandingan. <https://blognurhamidin.blogspot.com/2013/06/sastra-bandingan.html?m=1>. Diakses tanggal 10 Oktober 2019, 18:20.
- <https://materibelajar.co.id/legenda-adalah/>. Diakses tanggal 10 Oktober 2019, 20:05.
- Winda Niezchan, 2009. Unsur Unsur Intrinsik. <https://kupukupuhati.blogspot.com/2009/07/unsur-unsur-intrinsik.html?m=1>. Diakses tanggal 10 Desember, 2019.
- Yusidaimran, 2010. Kriteria dan Teknik Keabsahan Data. <https://yusidaimran.wordpress.com/2010/12/15/kriteria-dan-teknik-keabsahan-data/>. Diakses 25 November 2019.